

DEKLARASYON DWA

Pou Rezidan Etablisman
Rezidans Asiste Yo

Rezidan mezon retrèt yo pa dwe viktim privasyon okenn dwa, avantaj oswa privilèj lalwa, Konstitisyon Eta Florida a oswa Konstitisyon Etazini an garanti. (Seksyon 429.28, Lwa Florida yo)

REZIDAN YO GEN DWA:

- Pou yo viv nan yon anviwònman ki san danje epi ki desan, kote pa gen pyès abi ak negligans;
- Pou yo pran pwòp desizyon pèsònèl yo, egzès libète sivil yo, epi pratike pwòp relijyon yo;
- Pou yo trete yo avèk diyite epi respè epi pou yo respekte endividyalite ak vi prive yo;
- Pou yo resevwa asistans pou yo jwenn swen sante ki adekwa ak apwopriye;
- Pou yo itilize pwòp rad yo epi pou yo genyen posesyon pèsònèl yo nan chanm yo;
- Pou yo resevwa yon avi alekri 45 jou anvan yon relokizasyon an oswa rezilyasyon rezidans lan;
- Pou yo voye epi resevwa kourye libe libè, gen aksè ak yon telefòn, epi resevwa vizitè omwen ant 9è a.m. ak 9è p.m.;
- Pou yo prezante doleyans epi pou yo rekòmande estaf la fè chanjman pou yo san krent pou pa gen reprezay; epi
- Pou yo patisipe nan sèvis ak aktivite nan kominote a;
- Pou yo prezante plent konfidansyèl bay Pwogram Medyatè pou Swen Alontèm nan, san okenn laperèz pou idantite rezidan ki konsène yo oswa moun ki depoze plent yo pa divilge epi san krent pou pa gen reprezay.
- Pou yo jere pwòp finans yo;
- Pou yo pataje yon chanm ak konjwen yo;
- Pou yo resevwa opòtinite pou yo fè egzèsis epi pou yo pase tan deyò regilyèman;



FLORIDA
OMBUDSMAN PROGRAM

ADVOCATING FOR QUALITY LONG-TERM CARE

1-888-831-0404

Sèvis yo gratis ak konfidansyèl.

Pou jwenn plis enfòmasyon, vizite
ombudsman.elderaffairs.org